

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Prosés diajar-ngajar mangrupa kagiatan anu penting, sabab dina jero kagiatan ieu aya prosés yén siswa kudu bisa ngarobah pangaweruhna, kaparigelanana, jeung sikepna kana kaayaan anu leuwih hadé.

Modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) mangrupa hiji modél anu bisa dipaké pikeun pangajaran nulis. Dina modél pangajaran ieu aya tilu hal nu utama, nya éta *think* (mikir), *talk* (nyarita), jeung *write* (nulis). Ieu modél miboga galur nu tangtu, nya éta dimimitian ku ayana prosés mikir sorangan sabada maca, tuluy siswa ngalakukeun diskusi pikeun nyarita nepi ka silih méré ide (*sharing*) jeung babaturanna, nu pamungkas siswa nuliskeun di sakabéh ide pikeun ngungkulan masalah nu aya.

Téks atawa karangan mangrupa karya tulis hasil tina kagiatan hiji jalma pikeun ngébréhkeuh ide anu tuluy ditepikeun ngaliwatan basa tinulis ka nu maca sangkan bisa dilenyepan. Téks wawancara nya éta hasil tinulis tina kagiatan wawancara. Maksud jeung tujuan wawancara nya éta pikeun ngumpulkeun katerangan, sawangan atawa panjelasan ngeunaan hal-hal anu dianggap penting pikeun dipikanyaho.

Hasil panalungtikan nunjukkeun tétéla yén modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks hasil wawancara. Hal ieu dibuktikeun ku ningkatna unggal aspék nya éta a) eusi, b)

organisasi, c) tata basa, d) éjahan, jeung e) karapihan tulisan. Dibuktikeun ogé ku hasil analisis statistik, nya éta uji normalitas kalayan ngagunakeun uji *chi* kuadrat, uji homogénitas data kalayan ngagunakeun uji F, jeung uji hipotésis data kalayan ngagunakeun uji t.

Dina hasil uji sipat data, katingali yén data hasil pratés jeung postés dina taraf kapercayaan 95% téh normal. Buktina aya dina hasil uji normalitas pratés nya éta $x^2_{itung} = 8,91 < x^2_{tabel} = 9,49$, jeung dina hasil uji normalitas postés nya éta $x^2_{hitung} = 5,79 < x^2_{tabel} = 9,49$. Kabukti ogé dina uji homogénitas anu nunjukkeun yén $F_{hitung} = 0,63 < F_{tabel} = 1,8$, jadi distribusina variansi data pratés jeung pascatés kaasup homogén.

Salian ti nguji sipat data, panalungtik ogé nguji *gain*. Ieu dimaksudkeun pikeun nangtukeun naha aya bédana nu signifikan antara tés awal jeung tés ahir. Hasilna kapanggih yén rata-rata *uji gain* nya éta 11,2 (448/40). Jadi, stratégi modél *Think-Talk-Write* (TTW) miboga pangaruh pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas IXC dina pangajaran nulis téks hasil wawancara, SMPN 1 Dayeuhkolot taun ajaran 2010/2011.

Sabada nguji sipat data jeung nguji *gain*, panalungtik ngayakeun uji hipotésis ngagunakeun uji t. Hasil uji t nuduhkeun yén $t_{itung} = 11,31 > t_{tabel} = 1,681$ dina taraf kapercayaan 95%. Hartina hipotésis dina ieu panalungtikan ditarima, yén modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kana nulis téks hasil wawancara di SMP Negeri 1 Dayeuhkolot taun ajaran 2010/2011.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, kagambar yén modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) bisa digunakeun dina pangajaran nulis téks hasil wawancara. Dina prak-prakanana, ieu modél miboga kahéngkérana, ku kituna aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, di antarana ieu di handap:

- a. Saméméh ngagunakeun ieu modél, kudu bener-bener nyangking tur bisa nyaluyukeun heula kana kaayaan kelas, matéri, média jeung hal-hal séjénna anu ngarojong kana kagiatan diajar-ngajar;
- b. Modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) miboga kapunjulan jeung kahéngkérana, ku kituna diperedih pikeun narékahan ku cara nalungtik kalayan leuwih jembar, sangkan kahéngkérana éta teu jadi hahalang dina prosés diajar-ngajar;
- c. Saméméh siswa ngawawancara, kudu dijelaskeun heula kumaha téhnik wawancara jeung ngajelaskeun pasualan anu kudu diréngsékeun ku siswa.
- d. Siswa kudu sering dilatih pikeun nyarita maké basa Sunda sangkan leuwih mikanyaho kajembaran kekecapan dina basa Sunda.
- e. Ku sabab modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) kabukti bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis téks hasil wawancara, ieu modél bisa dijadikeun référénsi pikeun kagiatan diajar-ngajar.